

# Kijan pou Jwenn Swen Sante nan Klinik Konte Multnomah

## Ou bezwen swen sante?

Sant sante Konte Multnomah yo la pou ede epi ap akeyi aktyèlman nouvo pasyan. Nou bay swen a tout abitan Konte Multnomah, sa gen ladan moun ki pa gen gwo revni oswa san asirans. Sèvis nou yo gen ladan:

- Swen sante pou granmoun
- Swen pou timoun
- Sante pou fanm
- Metòd kontrasepsyon
- Tès gwosès
- Swen prenatal
- Sante mantal
- Famasi
- Sèvis dantè

Konte Multnomah akeyi epi sèvi abitan ak vizitè yo kèlkeswa ras, orijin, relijyon, revni, sèks, oryantasyon seksyèl, oswa sityasyon imigrasyon yo.

## Kijan pou kòmanse?

**Rele 503-988-5558**, Lendi-Vandredi 8am-5pm. Yap pwograme yon randevou nouvo pasyan pou ou pou kòmanse ak youn nan ekip swen sante nou yo.

Pou kòmanse antan ke yon nouvo pasyan pou sèvis dantè rele 503-988-6942, Lendi pou rive Vandredi 8am-4:45pm.

## Èske ou bezwen asirans sante tou?

Nou ka edew aplike. Ou kapab kalifye pou Plan Oregon Health oswa lòt pwogram yo. Ou pa bezwen gen asirans pou jwenn swen nan Klinik Konte Multnomah yo.

Siw bezwen sèvis sante seksyèl (pap smears, metòd kontrasepsyon, depistaj MST) ou kapab kalifye pou swen gratis oswa a pri ki ba atravè Pwogram Sante Seksyèl Oregon lan.

Rele 503-988-5558 pou yon randevou ak youn nan spesyalis elijib nou yo.

## Chanjman nan Sèvis yo akòz COVID-19

Pou pwoteje pasyan ak pèsònèl yo de COVID-19 lan, klinik nou yo ap bay apèl oswa vizit videyo anplis randevou an pèsòn yo. Kat (4) nan lokal nou yo ouvè aktyèlman epi ap bay sèvis Lendi pou rive Vandredi:

- **East County Health Center:** 600 NE 8th St, 3rd Floor, Gresham, 97030
- **Mid County Health Center:** 12710 SE Division St, Portland, 97236
- **Northeast Health Center:** 5329 NE MLK Jr Blvd, Portland, 97211
- **Health Services Center:** 619 NW 6th Avenue, 3rd Floor, Portland, 97209

Relouvri byento:

- **North Portland Health Center:** 9000 N Lombard St., Portland, 97203 - *Relouvri byento!*
- **La Clinica de Buena Salud:** 6736 NE Killingsworth St., Portland 97218 - *Relouvri byento!*
- **Rockwood Community Health Center:** 2020 SE 182nd Ave., Portland 97233 - *Relouvri byento!*
- **Southeast Health Center:** 3653 SE 34th Ave., Portland 97202 - *Relouvri byento!*
- **Billi Odegaard Dental Clinic:** 33 NW Broadway, Suite 380, Portland 97209 - *Relouvri byento!*

Pou plis enfòmasyon tanpri vizite <https://multco.us/primary-care-and-dental> oswa rele 503-988-5558.



## Community Health Centers



EOC PIO-07/28/20 Haitian Creole

Entegral.

Charitab.

Swen sante global.